AY NDIGAL NGIR DIMBALE SEEN DOOM CIY NJÀŋGAM

Njàŋg mënna nekk lu naqqadi soo xamul njariñam te defulooko ci anam yu wey te takku. Lii moo tax fii ci Département d'orientation psychopédagogique, ñu taamu dimbale njaboot yi ngir ñu tette eleewyi ci seen liggeey, ndax ñun ñëpp ñu xamandoo te wàllandooleen tàmm liggeey bu leen di yombal seen liggeey boobu.

Li moo di « yoon » wu ñu leen di won ay toomb yu am solo te di leen ñaan ngeen faydaal leen bu baax :

1. **Soññleen ko, yokk leen mbëgeelam ci njàŋg.** Ngir def loolu, topp leen yii ma leen di wax :

    a) Gëmlooleenko ni njàŋg yemul rekk ci lijjaasa. Li ëpp solo mooy jàŋg ngir xam, ndax loolu moo lay may ngay yokk say mënmën, nga gëna mën xam li xew ngir gëna mën saytu sa addina.

    b) Neexal leen njàŋg, te di leen ñaax ci ñu xare'k seen bopp.

    c) Tàgatleen ko ci yóotu lu mu mëna jot, mu baña sore lool ndax day jafe jot, te itam mu baña jege lool ndax day yoomb lool ci ñoom.

    d) Dëfël leen ko ci diiru njàŋgmi yópp, te di ko sargal ndax dundan cawarte'm ci njàŋg. Lii lu am solo la : eleewbi warna xam ni ñi ko wór wóolunañu mënmënam, ngir mu gëm boppam, ngir mu gise boppam gisin bu rafet, te itam ngir mu baña yemale njàŋg ci nattyi rekk (not yi).

    e) Su fekkee ni da ñoo waxtaan ak moom mbiru « neexal » ngir indi ngëneel ci liggeeyam, neexal boobu dafa war andak farlu bu jóge ci moom.

2. **Jàŋgal leen ko wareefam.** Toomb yu am soloo ngi nii :

    a) Ñun ñópp amnañu suñuy wareef : waajuryi amnañu seeni wareef (ci liggeey ak ci kërgi), wante xalyi, seen wareef mooy jàŋg. Ku nekk warnga def lila war.

    b) Ngir rafetal liggeeybi, sooññ leen ku nekk muy sax ci lumuy def te dëgërci.

    c) Dileen ko xalaat loo bu baax ci lumu def ci lu baax wolla ci lu baaxul te buleen ko xas su defee lu baaxul, ndax mu mëna méngéle limu am ak nimu jëfe. Su xamme lu tax mu def lu baaxul dana moytu su beneenee, te su xamee lu tax mu def lu bax dana

ko mëna defaat. Noonu, dana gëna di yég mbégte ci boppam ndax dana ko wóorni fi mu indi boppam moo gën fi mu jóge.

3. **Tegleen ko ci anam yu baax.** Lii mooy ci biir kërgi :

   a) Kërgu dal, andak wóoloonte, déggóo, waxalante lubaax ak waxtaan ci diggënte ñi bookk njabootgi.

   b) Xalaatu xaritoo, jëflënte ak joxante y xabaar ci digënte njabootgi ak ekoolbi. Waajuryi waruñu yaqq liggeeyu jàŋgalekatbi, ndaxte kooku eleewbi lay liggeeyal.

   c) Bërëbu jàŋgukaay, budul soppiku, su mënee am, fu nit mëna dàlloo, fu amul coow (amul tele, amul misik, ak yudeme noonu...). Bërëb boo xam ni mën nañu fa am lépp liñu soxla (dictionnaires, encyclopédies, matériel de consultation, teere...) ndax doo soxla di jóg di ko wuti feneen.

   d) Woxtu njàŋg, ci benn woxtuwi, su mënee am. Ci kalaasbi, eleewyi daañu jàŋg nañoo saytoo seen woxtu njàŋg ci kërgi. Mën nañu leen ko laaj ngir seet ndax ñingi kay jëfe.

   e) Nelaw bu baax ci woxtu ak leek gu seell ngir xalebi noppalu bu doy te leek bu baax.

4. **Xool leen liggeeyu boppam.** Lii moo andak woxtu njàŋg ci kërgi, toomb yaangi nii :

   a) Bis bu nekk, xamleen li mu def ci kalaas ba ak li mu wara def ci kërgi ("dewaar yi"). Ekoolbi joxna eleew bu nekk benn agenda ekool. Jàŋgalekat biñu dénk kalaas bi leeralalnaleen ko. Ci agenda bi la ñuy bind "dewaar yi" ak li ñu def ci kalaas bi bis bu nekk. Warngeen waxtaan ak seen doom ci lu mu def ci bëccëg bi ak li mu wara def ci kërgi ci ngoon si.

   b) Warngeen xam ni balaa nit di def ay dewaaram, dafa wara jëkk xam bu baax li mu jàŋg. Li moo tax li mu wara jëkk def moo di seetaat la mu def ca kalaas ba.

   c) Na ngeen wax seen doom bu baax, na jariñooaat jàŋgukaay yi ak juumtukaayu jàŋg yi ko jàŋgalekatam yi won. Ngir def loolu, waajur yi mën nañu laaj jàŋgalekat biñu dénk kalaas bi ak yeeneen jàŋgalekat yi ci ekool bi.

5. **Xamleen lan moo ko soxal.** Waxtaanleen ak moom ngir xam lanla bëgg def ëllëg wolla ganaaw-ëllëg (bu sottalee njàŋg mi war - ESO), àandleen ci lu mu dogal, te bulleen jéem muur yaqyaqam ak di ko defloo lu ngeen

bëggoon def te mënuleen ko. Dimbaleleen ko ci li mu tànnal boppam te bu leen ko jéem forse ci leneen ci diiru njàŋgam yópp.